

Chè Paran/Responsab:

Nou pwofondeman atriste pou aprann nouvèl ke yo tire moun jodi a nan yon lekòl nan Broward County e nou ap panse avèk kominote a toutantye. Distri nou an tou bay sekirite elèv nou yo anpil priyorite. Nou pran responsablite nou seryezman pou asire pwoteksyon pitit ou chak jou.

Nan patenarye avèk Biwo Sheriff Collier County a, pral genyen yon ogmantasyon nan nivo fòsdelòd anplis nan plan pwoteksyon Biwo Sheriff Collier County a ki anviyè pandan tout ane eskolè a. Ofisye polis yo kontinye ap antrene e prepare pou reponn avèk nenpòt sityasyon parèy ke yo kapab fè fas.

Kòm nou ap aprann plis detay sou ensidan trajik sa a nan lè ak jou ki ap vini yo, nou ta renmen bay kèk resous ki kapab ede ou pale avèk pitit ou e ede yo fè fas avèk nouvèl sa a. Asosyasyon Nasyonal sou Sikològ Lekòl (NASP) ofri yon lis ki kapab sèvi kòm referans sou konsèy sou kisa paran kapab fè nan yon sityasyon konsa:

1. Rasire timoun ke lekòl yo pwoteje. Fè timoun konnen ke lekòl yo an sekirite. Valide santiman yo. Eksplike yo ke li nòmal lè trajedi pase. Kite timoun eksprime santiman yo, ede yo mete yo nan pèspektiv, epi ede yo eksprime santiman yo kòm sadwa.

2. Kreye Tan pou Pale. Kite kesyon timoun yo gide nan enfòmasyon ke yo bay yo. Se pou ou pasyan. Timoun ak adolesan pa renmen eksprime santiman yo touswit.

3. Mentni Eksplikasyon Devlopmantral Apwopriye.

- **Elèv elemantè ki nan nivo ba yo** prefere enfòmasyon ki brèf, senp ki ta dwe balanse avèk rasirans ke lekòl yo e kay yo an sekirite eke genyen adilt la ki pou pwoteje yo.
- **Elèv elemantè ki nan nivo wo e elèv lekòl mwayen ki nan nivo ba** pral pale plis nan mande plis kesyon sou si yo vrèman an sekirite e kisa ki ap pase nan lekòl yo. Yo kapab bezwen asistans pou seprare reyalyte avèk fantezi. Diskite efò lidè lekòl ak kominote yo ap fè pou bay lekòl pwoteksyon.
- **Elèv lekòl mwayen ki wo e elèv lekòl segondè** pral genyen opinyon ki fò sou koz vyolans nan lekòl ak sosyete. Yo pral pataje sijesyon konkrèt sou kòman pou sekirize lekòl plis e kòman pou anpeche trajedi nan sosyete. Mete anfas sou wòl ke elèv genyen nan mentni sekirite nan lekòl kote yo kapab swiv direksyon pwoteksyon ki kapab kominike nan nenpòt enkyetid sou pwoteksyon pèsònèl pou administratè lekòl, e chèche sipò sou bezwen emosyonèl.

4. Revize pwosedi sekirite. Sa ta dwe enkli pwosedi ak pwoteksyon nan lekòl e lakay. Ede timoun idantifye omwen yon adilt nan lekòl e nan kominote a ke yo kapab konsilte si yo santi yo menase oswa an danje.

5. Obsève eta emosyonèl timoun. Genyen nan yo ki papral eksprime tèt yo vèbalman men kapab genyen chanjman nan konpòtman, apeti, oswa abitud somèy yo kapab endike anksyete oswa malèz. Pou pi fò timoun, sentòm sayo pral redui avèk rasirans e tan. Sepandan, genyen kèk timon ki kapab an risk sou reyaksyon ki pi pwofon. Timoun ki genyen yon eksperyans twomatik anvan sa oswa ki te sibi yon pèt pèsònèl, kapab soufri depresyon oswa maladi mantal, oswa timoun ki genyen bezwen espesyal kapab genyen pi gwo risks pou reyaksyon sevè ke lòt timoun. Chèche èd nan men yon pwofesyonèl ki bay swen sante si ou toutafè enkyete.

6. Pa kite yo gade twòp imaj sou evènman sayo. Pa kite yo gade twòp televizyon e fè atansyon pou televizyon an pa nan zòn komen. Enfòmasyon devlopmantralman ki inapwopriye kapab lakoz anksyete oswa konfizyon, patikilyèman pami jèn timoun. Adilt tou bezwen atantif sou kontni konvèsasyon ke yo genyen youn ak lòt devan timoun, menm adolesan, epi pa kite yo ekspoze twòp a kòmantè vanjè, ayisab, e kolè ki ta kapab mal konprann.

7. Mentni yon woutin nòmal. Mentni yon orè regilye pou asire e pwomote sante fizik e mantal. Asire ke timoun dòmi ase, manje regilye, epi fè egzèsis. Ankouraje yo pou rete ajou avèk devwa yo e aktivite periskolè yo men pa pouse yo si yo parèt akable.

Si ou panse pitit ou bezwen sipò konseye pou fè fas avèk trajedi sa a oswa si ou genyen plis kesyon oswa enkyetid, nou mande pou pa ezite kontakte konseye lekòl pitit ou a oswa direktè lekòl la.

Sheriff Rambosk avèk mwen menm panse ke piblik la kapab ede mentni lekòl yo an sekirite kote nou kapab rapòte nenpòt aktivite mefyan oswa ki pa nòmal bay fòsdelòd yo. Nenpòt moun ki genyen enfòmasyon dwe sone 239-252-9300 oswa kontakte Crime Stoppers nan 1-800-780-8477, yo pap devwale non ou e ou ap kalifye pou yon rekonpan.